Senin, 6 September 2021

Bahasa Sunda Perbedaan Pupuh dan Kawih

## Contoh Pupuh Durma



Ibu/Bapa Guru bade nembangkeun pupuh durma. Pek regepkeun ku hidep, tuluy tembangkeun babarengan!

**Durma Buméla ka Lemah Cai**

*saréréa urang téh kudu sayaga*
*ngajaga lemah cai*
*ti nu niat jahat*
*nagara jadi teu aman*
*rayatna jadi teu tingtrim*
*jiwa ragana*
*ulah jadi karisi*

*masarakat sadaya ngarasa aman*
*lingkungan sepi paling*
*sauyunan pisan*
*ngajaga kaamanan*
*ningtrimkeun raga jeung batin*
*béla nagara*
*ngariksa lemah cai*

*Sumber: blog.ub.ac.id*

*(Kenging: Aris Karsana)*

## Contoh Kawih



**Karatagan Pahlawan**

**(Karya: Mang Koko)**

1. *Teu honcéwang (teu ringrang)*
*Sumoréang (tariwang)*
*Tékadna Pahlawan bangsa*
*(pahlawan) Cadu mundur (takabur)*
*pantrang mulang (honcéwang)*
*Mun maksud tacan laksana*

*Berjuang keur lemah cai*
*Lali rabi tur tégang pati*
*Taya basa ménta pamulang tarima*
*Iklas réla keur korban merdéka*

2. *Sinatria danalaga*
*Béla bangsa jeung nagara*
*Dibarengan tekad suci*
*Berjuang keur lemah cai*

*Teu ngingetkeun ka dirina*
*Asal nagri bangsa waluya*
*Kadar jembar raharja mukti wibawa*
*Gembleng tujuan Pahlawan Bangsa*



LIVEWORKSHEETS

BACA KEMUDIAN KERJAKAN WORKSHEETS
DALAM BENTUK PILIHAN GANDA
KLIK JAWABANNYA TEPAT PADA KOTAK YANG
BERHURUF a,b,c,dan d

LIVEWORKSHEETS

Senin, 6 September 2021

Bahasa Sunda Perbedaan Pupuh dan Kawih

Aos bacaan dihandap teras kerjakeun worksheetsnya

### D. Ngabandingkeun Pupuh jeung Kawih

Pupuh jeung kawih téh duanana kagolong kana wangun ugeran (puisi).Najan kitu, aya bédana.Ayeuna urang ngabandingkeun antara pupuh jeung kawih.

Sanggeus merhatikeun wacana "Durma Buméla ka Lemah Cai", urang bisa nengetan geuning wangun bacaanana téh teu sarua jeung wangun bacaan dongéng, carita pondok (narasi ).

Wangun durma mah kauger (kawatesanan) ku ayana jajaran (padalisan), sora tungtung unggal jajaran (guru lagu), jeung jumlah engang (*suku kata*) unggal jajaran sarta jumlah padalisan unggal pada (bait).

Tah wangun nu kitu mah kaasup wangun pupuh. Ngaran pupuhna, nyaéta pupuh Durma.

Tengetan deui!

sa-ré-ré-a u-rang téh ku-du sa-ya-ga = 12a
nga-ja-ga le-mah ca-i = 7i
ti nu ni-at ja-hat = 6a
na-ga-ra ja-di teu a-man = 8a
ra-yat-na ja-di teu ting-trim = 8i
ji-wa ra-ga-na = 5a
u-lah ja-di ka-ri-si = 7i

#### 1. Urang ngabandingkeun pupuh jeung kawih

Ngabandingkeun hal wangun (bentuk) sarta eusi pupuh durma jeung rumpaka kawih

| Pupuh | Kawih |
|---|---|
| Wangun<br>1. Diwangun ku pada (bait) anu geus tangtu jumlah padalisanna (jajaran) | Wangun<br>1. Jumlah pada (bait) teu ditangtukeun kudu sabaraha-sabarahana |
| 2. Unggal tungtung padalisan geus tangtu sorana (guru laguna) | 2. Jumlah jajaranana teu ditangtukeun kudu sabaraha-sabarahana |
| 3. Unggal padalisan geus tangtu jumlah engangna (guru wilangan) | 3. Unggal padalisan teu ditangtukeun jumlah engangna (guru wilanganana) |

1. Dua contoh wangun ugeran(puisi) nyaeta … .
   a. pupuh jeung kawih
   b. fabel jeung novel
   c. epic jeung cerpon
   d. mitos jeung dongeng

2. Kecap Lemah cai nu aya dina pupuh durma mun diartikeun ku Bahasa Indonesia, nyaeta … .
   a. tanah air
   b. suku bangsa
   c. etnis
   d. kabudayaan

3. Guru wilangan tina pupuh durma padalisan kahiji nyaeta … .
   a. 7-i
   b. 8-a
   c. 12-i
   d. 8-i

4. Contoh kawih nu koncara diciptakeun ku Mang Koko, nyaeta … .
   a. Bumela ka Lemah Cai
   b. Kataragan Pahlawan
   c. Hirup karasa tarapti
   d. Budak leutik bisa ngapung

5. Diwangun ku pada (bait) anu geus tangtu jumlah padalisanna (jajaran) ciri … .
   a. Kawih
   b. Pupuh
   c. dongeng
   d. novel

6. Ciri khas kawih nyaeta … .
   a. jumlah jajaranana teu ditangtukeun kudu sabaraha-sabarahana
   b. diwangun ku pada (bait) anu geus tangtu jumlah padalisanna (jajaran)
   c. unggal padalisan geus tangtu jumlah engangna(guru wilangan)
   d. unggal tungtung padalisan geus tangtu sorana (guru laguna)



7. **Mun hidep ngadangukeun lagu pupuh durma nu judulna Bumela Lemah Cai ngagunakeun laras pelog artina … .**
   **a. riang** **b. gagah** **c. gembira** **d. ringan**

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS